



RAISE

YOUR HAND for OUR KIDS

Kisa Konsèy Edikasyon ye?

Konsèy edikasyon yo bay paran gwo dwa nan desizyon k ap pran sou regleman ak priyorite pou lekòl vil Nouyòk. Manm Konsèy edikasyon pou kominote *Community Education Councils*(CEC) yo ak 4 konsèy vil la konseye Chanselye a sou divès sijè, yo travay dirèkteman avèk sipèntandan distri a, yo revize pwogram edikasyon distri a, yo apwouve limit fwontyè epi yo fè rekòmandasyon pou gwo amelyorasyon nan enfrastrikti pou nou ka fè lekòl leta yo pi bon posib.

Konsèy Edikasyon pou Kominote Community Education Council (CEC)

Konsèy sa yo se yon opòtinite pou paran patisipe nan nivo distri a. Chak CEC gen 11 manm ki pou vote: 9 paran elèv K-8yèm ane ki eli, tankou omwen yon paran elèv k ap aprann lang anglè *English Language Learner*(ELL) ak yon paran elèv ki gen IEP ak 2 manm Prezidan Borough a nome.

Konsèy Edikasyon Vil la

Konsèy edikasyon vil la se yon opòtinite pou paran pran defans popilasyon elèv espesifik. Menm jan ak CEC yo, konsèy sa yo gen chak 11 manm ki ka vote(9 paran ki eli ak 2 ke yo nome), eksepte pou Konsèy vil la pou lekòl segondè ki gen 13 manm(10 paran ki eli ak 3 yo nome).

Konsèy Edikasyon vil Distri 4 la se:

- ▶ Konsèy Vil la pou Lekòl segondè *Citywide Council on High Schools* (CCHS)
- ▶ Konsèy Vil la pou Edikasyon Espesyal *Citywide Council on Special Education* (CCSE)
- ▶ Konsèl Vil la pou Elèv k ap aprann lang angle *Citywide Council on English Language Learners* (CCELL)
- ▶ Konsèy Vil distri 75 *Citywide Council for District 75 Council* (CCD75)

Konsèy Edikasyon ki fè eleksyon

Lwa Eta a egzije nouvo eleksyon pou manm konsèy edikasyon chak dezan. Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *NYC Department of Education*(NYCDOE) reponsab pou jere pwosesis la ki fèt pandan yon peryòd 90 jou ki pwolonje ant fevriye ak me. Gade **pwochen paj la** pou jwenn plis detay sou kòman ou ka kandida pou yon pòs an 2017!

lekòl ou bezwen paran tankou w.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, al sou sit schools.nyc.gov/Offices/CEC



Opinyon w konte Panse poze kandida w pou yon pòs nan konsèy edikasyon Vil Nouyòk.

Kiyès ki ka manm nan yon CEC?

Si w gen yon timoun nan klas K – 8yèm ane nan yon lekòl leta, nan yon charter school... kidonk ou ka kandida pou vin manm CEC a nan distri kote lekòl pitit ou a ye a.

Kiyès ki ka manm nan Konsèy vil la pou lekòl segondè Citywide Council for High Schools (CCHS)?

Si w gen yon timoun nan yon lekòl leta, nan yon charter school... kidonk ou ka kandida pou vin manm CCHS nan borough kote lekòl segondè pitit ou a ye a.

Kiyès ki ka manm nan Konsèy vil la pou edikasyon espesyal Citywide Council for High Schools (CCSE)?

Si w gen yon timoun ki gen yon IEP k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal Depatman Edikasyon ofri oswa ap peye kounye... kidonk ou ka kandida pou pòs nan CCSE.

Kiyès ki ka manm nan Konsèy vil la pou ELL (CELL)?

Si w gen yon timoun ki se ELL oswa ki te ELL nenpòt lè pandan dezan pase yo... kidonk ou ka kandida pou CELL.

Kiyès ki ka manm nan Konsèy vil la pou distri 75 (CCD75)?

Si w gen yon timoun ki nan yon lekòl oswa nan yon pwogram d75 kounye a... kidonk ou ka kandida pou CCD75.

Kiyès ki pa ka manm nan yon Konsèy Edikasyon?

Ou pa ka manm nan okenn konsèy edikasyon si w se yon otorite leta, anplwaye DOE, manm jiri pou regleman sou edikasyon Panel for Education Policy (PEP), oswa si yo te revoke w nan nenpòt konsèy edikasyon, PA/PTA, SLT, Konsèy Prezidan oswa si yo te kondane w pou kèk krim.

Kilè yo detèmine si w elijib?

Yo detèmine elijiblité apati dat ou soumèt aplikasyon pou poze kandida w pou yon pòs nan yon konsèy edikasyon.

Dat enpòtan eleksyon pou manda 2017—2019:

9 fevriye rive 5 mas

Aplike pou yon konsèy edikasyon

20 mas rive 21 avril

Fowòm kandida

23 avril rive 9 me

Vòt selektè

15 me

Dat rezilta

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON ALE SOU

schools.nyc.gov/Offices/CEC

T&I 25104 (Haitian Creole)

NYC
Department of
Education
Carmen Fariña, Chancellor